



Pou Piblikasyon Imedya: 18/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN KA KE OU TE RATE LI: ATIK OPINYON GOUVÈNÈ HOCHUL LA NAN USA TODAY: ATAK SOU SALMAN RUSHDIE A RAPLE NOU KE PLIM PI PISAN PASE KOUTO**

Jodi a, USA Today te pibliye yon atik opinyon Gouvènè Kathy Hochul sou enpòtans libète diskou ak libète ekspresyon apre atak sou Salman Rushdie a. Tèks atik opinyon an disponib anba a epi ou kapab wè li sou entènèt [isit la](#).

*Lè m te yon jèn fi, mwen sonje m te konn vizite [Enstitisyon Chautauqua](#), ki nan yon inèdtan distans de vil natal mwen, Buffalo. Papa m te travay nan izin asye a epi nou pa te gen anpil kòb - an reyalye, nou pa te gen mwayen pou nou peye admisyon ak franchi pòt antre Enstitisyon an. Nou te gen abitud anpile gwo machin lan (station wagon) apre legliz nan dimanch epi vini Chautauqua nan espwa ke yon jou nou ta kapab vizite kote ekstraòdinè sa a. Paske, pou nou menm ki nan Lwès New York, Enstitisyon Chautauqua a se yon sit anblematik. Li te fonde sou prensip edikasyon, libète ekspresyon ak enklizyon epi li reprezante valè ke nou pi fyè de yo nan New York. Li se yon kote moun kwè nan eksplorasyon dinamik ideyal ak filozofi epi etidye relijyon ak politik - yon kote yo rekonèt pou gerizon li, trankilite li ak amoni li.*

*Men, vandredi pase a, trankilite sa a te efondre. Yon endividi ki te deside mete sou silans ideyal sakre sa yo te atake britalman otè [Salman Rushdie](#), yon nonm ki te viv anba menas pandan plizyè dizèn ane paske li te di pouvwa a laverite. Pou yon moun tankou Mesye Rushdie, ki te viv konsekans yon represyon sou libète diskou ak libète ekspresyon, senbolis twoublan yon atak vyolan sou sit sa a - yon kote yo rekonèt ki akeyi gwo pansè yo pou pataje pansè yo yon fason ki lib ak ouvri - se yon bagay enkontestab.*

*Mwen vle voye yon mesaj byen fò ak klè bay nenpòt moun oswa nenpòt gwoup ki oze vyole karaktè sakre yon kote tankou Chautauqua: yon nonm avèk yon kouto pa ka fèmen bouch yon nonm avèk yon plim.*

*Eta New York pral toujou kanpe pou pwoteje libète ekspresyon, libète diskou epi nou kondane atak lach sou Salman Rushdie. Nou kondane nenpòt moun oswa nenpòt gwoup ki oze vyole karaktè sakre yon kote tankou Chautauqua oswa pou yon tantativ asasina sou yon lidè mondyal. Sa pa ka rive nan Vil New York. Nou leve kanpe epi n ap kanpe avèk kouraj.*

*Malerezman, atak sou Mesye Rushdie a se pa premye fwa nan twa dènye mwa yo ke pwojektè monn lan te konsantre sou lwès New York. Jou ki te 14 me, yon sipremasis blan radikalize sou rezo sosyal yo te vwayaje twa èdtan [pou li te komèt yon fiziyad an mas](#) nan yon makèt ki anviwon 10 minit de kay kote mari m ak mwen menm abite. Epi, yon lòt fwa ankò, chwa lokal atakè sa a te twoublan: Jèn gason sa a te ale sou entènèt epi li te jwenn kote ki pi pre avèk pi gwo konsantrasyon moun nwa yo ke li te kapab touye ak blese nan yon atak rasis.*

*Imedyatman apre atak lach, vyolan sa a, New York te pran mezi. Nou te adopte lejislasyon sou sekirite zam ki pi solid nan peyi a, ki te entèdi nenpòt moun ki poko gen laj 21 ane achte fizi semi-otomatik, ki fè li ilegal pou achte jilè pa bal pou nenpòt moun ki pa angaje nan yon pwofesyon ki fè respekte lalwa, epi ki egzije mikwo-estanj bal pou swiv itilizasyon zam kriminel.*

*Nou te fòme yon inite espesyalize nan Lapolis Eta nou an pou konsantre sou teworis lokal. Nou te kreye Fòs Entèvansyon Ant Plizyè Eta sou Zam Ilegal, yon premye inisyativ nan nasyon an ki fèt pou pataje pi bon pratik epi asire ke fòs lapolis nou nan chak nivo gouvènman an ap travay ansanm. Nou te mande platfòm rezo sosyal yo pou rapòte kontni rezo sosyal ki rayisab ak menasan sou entènèt, pou nou ka wè sa k ap pase anvan pwochen atak la rive. Epi nou te fèmen vid kritik zam yo epi ranfòse Lwa sou Drapo Wouj nou yo pou kenbe zam lwen moun ki danjere yo.*

*Li mande kouraj pou kanpe devan rayisans, vyolans ak entolerans. Kidonk, li nòmal ke "kouraj" te sijè diskisyon nan Enstitisyon Chautauqua semèn nan ke yo te atake Mesye Rushdie. Li te pase plis pase yon deseni nan lavi li ap kache, epi finalman li te deside soti nan lonbraj. Kouraj li devan danje sa a ta dwe enspire tout Nouyòkè - ak tout moun ki renmen libète atravè monn lan. Li te enspire mwen pou m sèvi ak tout zouti mwen genyen, enkli vwa m, pou m denonse radikalizasyon sa a k ap pase a, pou m denonse nenpòt moun ki fè vyolans, kit se yon moun ki gen anpil atansyon sou li oswa yon moun ki nan lari gwo vil yo oswa ti vil yo.*

*Se yon monn difisil. Pou anpil jèn, mwen di pafwa li ka fè pè. Men, sa a se Etazini Amerik, sa a se Eta New York. Nou se yon pèp ki fyè. Nou fyè dèske nou gen yon enstitisyon ki ankouraje ideyal sa yo epi ki pataje konesans sa a. Sa a komen nan ADN nou pou n pale, pale byen fò epi di ak yon sèl vwa klè ke sajès pi pisan pase inyorans. Tolerans gen pi pisan pase rayisans. Kouraj pi pisan pase laperèz.*

*Epi plim ap toujou pi pisan pase kouto.*

###